Itilizasyon Nimewo Sekirite Sosyal nan Rapòtaj Done Lokal

Pandan yon elèv ap enskri nan lekòl, Rejis Lekòl la mete enfòmasyon ki soti nan batistè a ak yon kopi Kat Sekirite Sosyal la nan Infinite Campus. Yo pa mete yon nimewo GTID, menm si lekòl la gen dokiman avèk GTID la make sou li. Si yon paran vle siyen yon renonsyasyon ki di li p ap founi nimewo sekirite sosyal elèv la, yon nimewo sekirite sosyal jenerik asiyen ki soti nan yon gwoup nimewo sekirite sosyal ki asiyen pa eta a. Anvan, nimewo a te kòmanse avèk 800 oswa 801. Pandan dènye dezan yo, gouvènman federal la kòmanse emèt "vrè" nimewo sekirite sosyal yo ki kòmanse avèk 800 oswa 801, konsa sa a pral tounen 999.

Koleksyon Done Leta
Pifò rapòtaj done GaDOE sèvi avèk GTID la kounye a. Men, pou resevwa yon GTID, ou dwe founi yon nimewo sekirite sosyal. Sa a se yon tantativ pou asire ke enfòmasyon elèv la sou nivo leta a asosye avèk elèv kòrèk la pandan y ap transfere soti nan yon distri lekòl piblik bay yon lòt. Koleksyon done Anvan-Idantifikasyon an toujou bezwen nimewo sekirite sosyal la paske lè sa a, done sa a voye bay machann tès twazyèm pati yo tankou Pearson ak Riverside Publishing, ki gen dwa oswa pa gen dwa kapab aksepte yon GTID.

Pwosesis GTID
Nou regilyèman fè yon ekstrè ki chwazi elèv san GTID pou soumèt reklamasyon GTID avèk GaDOE leta a. Nimewo sekirite sosyal se youn nan asosyasyon prensipal yo nan GTID. Si nimewo sekirite sosyal se menm men lòt eleman done yo tankou prenon, non mitan, non fanmi, oswa dat nesans pa menm tou, nou resevwa yon Asosyasyon Sanblab (Near Match) nan GTID. Nan ka sa yo, nou oblije chwazi chak Asosyasyon Sanblab youn pa youn pou detèmine si se kòrèk elèv la. Kòm ou kapab imajine, pandan kòmansman ane lekòl la, sa se yon pwosesis fatigan. Lè elèv la reklame nan GTID, nimewo GTID la disponib pou nou swa Enpòte oswa mete nan Infinite Campus. Sof si nou genyen yon ti kantite GTID pou reklame, nou enpòte done ki soti nan yon gwoup dosye.

Se isit la leta a jwenn nimewo sekirite sosyal pou nenpòt lòt pwosesis koleksyon done. Lè FTE rive, de tanzantan nou fè diskisyon avèk lòt distri lekòl pou rezoud dezakò sou nimewo sekirite sosyal. Se yon nimewo sekirite sosyal antre nan erè, elèv la pa kapab reklame pou fon pa swa lè distri jiskaske gen yon rezolisyon. Nòmalman sa a fèt pa Kowòdonatè FTE yo ki voye kopi kat nimewo sekirite sosyal yo pa faks ant youn a lòt pou montre prèv ki se pou elèv pa yo.

Nitrisyon Lekòl
Epitou pandan kòmansman ane a, leta a voye nou yon dosye sou elèv ki resevwa pwogram asistans nitrisyon siplemantè (supplemental nutrition assistance program (SNAP)) oswa asistans pwovizwa pou fanmi ki nan nesesite (temporary assistance to needy families (TANF)). Elèv sa yo ak tout elèv nan kay yo otomatikman elijib pou resevwa manje midi gratis. Dosye sa a kapab sèlman aksè pa nimewo sekirite sosyal kòm pwogram asistans sosyal leta a pa konsève GTID.

Bousdetid HOPE

Ajans Edikasyon Lokal (Local Education Agencies (LEA)) soumèt relvednòt done elèv bay Komisyon Finans Elèv Georgia (Georgia Student Finance Commission (GSFC)) lè elèv la fè klas 9^{yèm} ane. Relvednòt elèv yo soumèt san nimewo sekirite sosyal pa elijib pou resevwa Bousdetid HOPE. Si kont relvednòt GSFC elèv la etabli avèk yon nimewo sekirite sosyal diferan, lekòl segondè a dwe kontakte reprezantan GSFC nou, ki lè sa a pral mande depatman teknoloji nou pou efase tout done relvednòt elèv la, epi lè sa a nou oblije soumèt relvednòt la ankò. Pwosesis sa a pran anpil tan. Erè a nan nimewo sekirite sosyal jwenn souvan sèlman apre inivèsite a retire elèv la nan klas pwograme li yo akòz pa genyen okenn lajan HOPE ki disponib pou nimewo sekirite sosyal la ki te founi bay lekòl la.

ACT / PLAN, SAT / PSAT

Nan pifò ka yo, elèv fè aranjman pa yo pou pran tès nasyonal sa yo. Byenke enskripsyon pou tès yo se elektwonik, toujou pa gen anpil validasyon fèt pou asire ke nimewo sekirite sosyal la ki te antre vrèman se pou elèv la k ap pran tès la. Rezilta yo voye bay lekòl segondè yo sèlman si elèv la mande pou resevwa yo. Byenke dosye done yo kapab achte atravè sèvis tès yo, eksperyans avèk sa yo se ke gen plis erè nan nimewo sekirite sosyal la swa nan sistèm pa yo oswa nan sistèm lokal la plis pase gen asosyasyon. Kòm pa genyen okenn garanti ke rezilta a ki asosye avèk yon nimewo sekirite sosyal espesifik se kòrèk, lekòl segondè lokal yo dwe antre rezilta yo alamane nan Infinite Campus. Pwoblèm sa a gen pou adrese pa GaDOE kòm rezilta sa yo sipoze fè yon pati CCRPI.